

16 septanm

Pitit mwen, lè Senyè a ap korije w, pa meprize sa. Nonplis tou, pa dekouraje lè l ap fè w obsèvasyon. Paske, Senyè a korije moun li renmen... Paske, se tankou pitit Bondye, Bondye ap trete nou. Dayè, ki pitit, papa pa korije ? Ebre 12. 5-7

Bondye konnen sa nou bezwen

“Mwen te aksepte Jezi kòm Sovè pèsonèl mwen nan laj katòzan. Mwen te suiv li pandan plizyè ane, men, lè m te gen dizuitan, m te “lage kòm” nan vye plezi ak yon lavi banbochè. Lè m t ap fè sèvis militè, m te bay tèt mwen volontè pou m te ale an Afrik. M te vle ale lwen lwen, lwen Bondye ! Lè m taprale, papa m te di m ak dlo nan je : “Valanten, moun pa ka pase Bondye nan betiz”, epi li te resite vèsè sa nan Bib la : “Sa yon nonm simen, se sa li va rekòlte” (Galat 6. 7). Vèsè sa te pousuiv mwen pandan vwayaj long sa a, nan bato ak nan avyon, jis rive an Afrik. Nan ane ki vini apre a, apre anpil peripesi, yon Afriken te mennen m yon dimanch pou m al koute yon misyonè. Senyè a te touche kè m ankò. Mèkredi ki vini apres, m te fè yon aksidan machin ki te lage m nan koma pandan plis pase de mwa. Apre plizyè operasyon, yo te oblije montre m mache, pale, manje poukont mwen ankò ! Pandan ane kote m te paralize yo, pafwa mwen konn dekouraje, men Bondye te toujou la tankou yon konsolatè pisan nan eprèw mwen an. M gen kèk sekèl vizib toujou de aksidan sa. Men ak èd Bondye m eseye sèvi l malgre andikap fizik mwen an, e mwen kapab di, apre 45 ane Bondye te rete fidèl. “Paske, Senyè a korije moun li renmen, menm jan yon papa korije pitit li renmen anpil la” (Pwovèb 3. 12).”

Valenten

16

septembre

Mon fils, ne méprise pas la discipline du Seigneur, et ne te décourage pas quand tu es repris par lui ; car celui que le Seigneur aime, il le discipline... Dieu agit envers vous comme envers des fils, car quel est le fils que le père ne discipline pas ? Hébreux. 12. 5-7

Dieu sait ce qu'il nous faut

“À 14 ans j’ai accepté le Seigneur Jésus comme mon Sauveur. Je l’ai suivi plusieurs années, mais à 18 ans je me suis “jeté” dans les plaisirs malsains et une vie dissolue. Au moment du service militaire j’ai été volontaire pour aller en Afrique. Je voulais partir loin de Lyon, loin de Dieu ! Au moment du départ, mon père m’a dit en pleurant : “Valentin, on ne se moque pas de Dieu”, et il m’a cité ce verset de la Bible : “Ce qu’un homme sème, cela aussi il le moissonnera” (Galates 6. 7). Ce verset m’a poursuivi au cours de ce long voyage en bateau et en avion jusqu’en Afrique. L’année suivante après maintes péripéties, j’ai été interpellé par un Africain qui m’a emmené un dimanche dans la brousse écouter un missionnaire. Le Seigneur a de nouveau touché mon cœur. Le mercredi suivant, j’ai eu un accident de voiture entraînant plus de deux mois de coma. Après différentes opérations il a fallu que je réapprenne à marcher, à parler, à manger seul ! Dans mes années de paralysie, j’ai eu parfois des moments de découragement, mais mon Dieu a été un consolateur puissant dans mon épreuve. Je porte encore des séquelles visibles de ce terrible accident. Mais avec l’aide de Dieu j’essaie de le servir malgré mon handicap physique, et je peux dire après plus de 45 ans que Dieu a été fidèle. “Celui que l’Éternel aime, il le discipline, comme un père le fils auquel il prend plaisir” (Proverbes 3. 12).”

Valentin